# jullit bi bu jàppoo ba raxas xar kanamam; bàkkaar bu mu mas a def ci ay gëtam day rot ànd ak ndox mi, -walla ànd ak toq ndox bi mujj-

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yonente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: "jullit bi bu jàppoo ba raxas xar kanamam; bàkkaar bu mu mas a def ci ay gëtam day rot ànd ak ndox mi, -walla ànd ak toq ndox bi mujj-, bu raxasee ay yoxoom bépp bàkkaar bu mu mas a def ci ay yoxoom dana rot ànd ak ndox mi, ni ki noonu bu raxasee ay tànkam bàkkaar yi mu masa dox ak tànkam yépp dana rot ànd ak ndox mi -walla ànd ak toq ndox bi mujj-, ba keroog muy set wicc ci ay bàkkaar".

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc leeral na ne jullit bi bu jàppoo daal di raxas xar kanamam ci njàppu mi bàkkaar bu ndaw bu mu mas a def ci ay gëtam day rot ànd ak ndox miy rot ginnaaw raxas ga walla mu ànd ak toq ndox bi mujj, bu raxasee ay yoxoom bépp bàkkaar bu ndaw bu mu mas a def ci ay yoxoom day rot ànd ak ndox mi walla ànd ak toq ndox bi mujj, ni ki noonu bu raxasee ay tànkam bàkkaar yu ndaw yi mu mas a dox ak tànkam yépp day rot ànd ak ndox mi walla ànd ak toq ndox bi mujj, ba keroog muy set wicc ci bàkkaar yu ndaw yi ci bu noppee ci njàppu mi.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee